



Pou Piblikasyon Imedya: 06/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KATRIYÈM FAZ NOMINASYON POU 3YÈM MANDA ADMINISTRASYON LI AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nouèl nominasyon nan administrasyon li an.

"Aprè ke nou te adopte bidjè eta a ki pi elaji, ki pi revolisyonè ke nou te janm fè, mwen fyè pou mwen kontinye ak kantite rekò administrasyon sa a genyen nan bay rezilta reyèl pou moun New York yo ak ekip sèvitè piblik devwe li yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan ke gouvènman Federal la kontinye defye valè primòdyal New York yo, mwen espere travay ansanm ak moun talantye sa yo pou kontinye ak dinamis pwogresis New York lan."

Yo pral nonmen **Marie Therese Dominguez** kòm Komisè Depatman Transpò a (Department of Transportation). Madam Dominguez te travay nan sektè enfrastrikti transpò, dlo ak enèji yo, sekirite ak lojistik yo pandan plis pase 20 an, kote li te travay nan divès pozisyon lidèchip nan gouvènman Federal la, pi resamman an 2015 lè Prezidan Obama te nonmen epi Sena Ameriken an te konfime yon fason inanim Madam Dominguez pou travay kòm Administratris nan Administrasyon Sekirite Liy Apwovizyonman ak Materyèl Danjere yo (Pipeline and Hazardous Materials Safety Administration, PHMSA) nan Depatman Transpò Ameriken an. Nan PHMSA, Madam Dominguez te jere devlopman ak ranfòsman règleman sekirite yo epi li te sipèvize operasyon sekirite yo pou liy apwovizyonman gaz ak likid wout ant eta nasyon an ansanm ak tout kagezon materyo danjere yo ki fèt pa wout ray, otowout, pa lanmè ak pa avyon. Li te travay tou kòm Sekretè Asistan Adjwen Prensipal nan Lame pou Travay Sivil yo (Army for Civil Works) nan Depatman Defans Ameriken an (U.S. Department of Defense), kote li ap sipèvize politik ak direksyon bidjè pou Kò Enjenyè nan Lame Amerikèn nan (U.S. Army Corps of Engineers); Vis Prezidan pou Relasyon ak Politik Piblik Gouvènman yo Sèvis Postal Ameriken an (United States Postal Service), kote li te dirije objektif politik lejislatif ak piblik yo pou dezyèm pi gwo patwon travay sivil nan peyi a nan epòk sa a; Chèf Adjwen Kabinè ak Konseye nan Administrasyon Avyasyon Federal la (Federal Aviation Administration, FAA); Asistan Espesyal pou Prezidan Komite Sekirite Transpò Nasyonal la (National Transportation Safety Board) epi kòm yon Asistan Espesyal pou Prezidan Bill Clinton ak Direktris Asosye Pèsonèl Prezidansyèl nan Mezon Blanch lan (White House). Li ap travay aktyèlman kòm Ofisyè Estrateji ak Operasyon An Chèf pou YWCA USA, kote li etabli vizyon estratejik epi favorize inovasyon ak kwasans pou òganizasyon nasyonal la. Marie Therese te fè Doktora Jiridik li nan Villanova University School of Law ak Lisans Atistik li nan Etid Amerikèn yo nan Smith College.

Yo te nonmen **David Yassky** kòm Direktè Politik Eta a. Anvan nominasyon li an Mesye Yassky te travay kòm Dwayen ak Pwofesè Jiridik nan Pace University School of Law. Soti 2010 rive 2013, li te dirije Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York lan (New York City Taxi and Limousine Commission), epi soti 2002 rive 2009 li te reprezante yon distrik Brooklyn nan Konsèy Vil New York lan, kote li te prezide Komite Konsèy lan sou Rivaj yo ak Komite sou Ti Biznis yo, epi otorize pwojè lwa ki ap kreye kondisyon zonaj yo pou lojman ki a pri abòdab, estanda degajman gaz yo pou kabin taksi yo, ak rekonpans fiskal yo pou fim ak pwodiksyon televizyon. Anvan sa, Mesye Yassky te travay kòm Konseye An Chèf nan Soukomite sou Krim nan Asanble Reprezantan Ameriken an (U.S. House of Representatives Subcommittee on Crime) sou Reprezantan nan epòk sa a Charles Schumer. Li te fè yon Doktora Jiridik nan Yale Law School ak yon diplòm Lisans nan Politik Piblik nan Princeton University.

Yo te nonmen **Madhuri Kommareddi** kòm Direktris Devlopman Mendèv. Madam Kommareddi te travay anvan sa kòm Direktris ak Chèf Jesyon Relasyon Envestisè ak Pwodwi Kredi nan BlackRock. Li te travay anvan sa a nan Clinton Foundation kòm Direktris Job One ak Direktris Devlopman Pwogram pou Biwo Hillary Rodham Clinton lan. Nan kòmansman karyè li, Madam Kommareddi te travay kòm yon Direktris pou Afè Ekonomik Entènasyonal nan Konsèy Sekirite Nasyon ak Konsèy Ekonomik Nasyon Mezon Blanch lan (White House National Security Council and National Economic Council), kote li te dirije travay Mezon Blanch lan pou konvoke premye reyinyon Minis Travay ak Anplwa G20 an. Li te travay tou kòm Sekretè Kabinè Asosye nan Mezon Blanch lan, asistan politik pou kanpay prezidansyèl 2008 'Obama for America' a ak Pwojè Tranzisyon Obama-Biden lan, kòm Kowòdinatris Politik nan Biwo Obama ki te Senatè nan epòk sa a, epi nan divès kapasite nan kanpay politik yo. Li se yon moun ki te gradye nan Yale Law School, kote li te travay nan Yale Law Journal, ak Northwestern University.

Yo te nonmen **Molly Marcy** kòm Direktris Afè Lejislatif pou Operasyon Ajans yo. Madam Marcy ap pote plizyè ane eksperyans gouvènmanal nan nouvo wòl li a nan Chanm Egzekitif lan. Pi resamman, Madam Marcy te travay kòm yon Konseye Siperyè pou Lidè Demokratik Adjwen nan Sena Eta New York lan kote li te devlope priorite lejislatif yo epi te bay konsèy estratejik sou pwoblèm operasyonèl, lejislatif ak politik yo. Anvan sa, li te yon Vis Prezidan Asistan nan MirRam Group ak Hamilton Campaign Network. Li gen yon diplòm Lisans nan SUNY Albany.

Yo te nonmen **Niall O'Hegarty** kòm Sekretè Adjwen nan Sèvis Finansye. Mesye O'Hegarty te travay anvan sa kòm Ko-Fondatè ak Direktè Jeneral Cara Equity Partners kote li ap sipèvizè tout fonksyon estratejik ak operasyonèl yo nan antrepriz lan, ki konsantre sou envesti nan sektè finans kontansye a. Li te travay anvan sa nan Administrasyon Gouvènè Cuomo a kòm Premye Konseye Asistan Pwovizwa Gouvènè a epi li te pase plis pase yon dekad kòm yon avoka nan sektè prive a ki konsantre sou dosye finansye leta ak federal ak regilatwa asirans yo, ansanm ak kontansye yo. Mesye O'Hegarty te etidye nan University of Toronto kote li te fè yon diplòm Lisans nan Syans Politik, ak Osgoode Hall Law School, York University kote li te fè Lisans Jiridik li an.

Yo pral nonmen **Eric Galarneau** kòm Konseye Jeneral nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la (Division of Criminal Justice Services). Mesye Galarneau te travay nan Biwo

Avoka Distrik Konte Albany (Office of the Albany County District Attorney) an pandan prèske de dekad. Li aktyèlman ap travay kòm Chèf Biwo Inite Ankèt sou Krim Finansye ak Ankèt Espesyal yo (Financial Crimes and Special Investigations Unit) nan Biwo Avoka Distrik Konte Albany an. Li te gen yon diplòm Lisans nan McGill University ak Dokora Jiridik nan Albany Law School.

Yo pral nonmen **Joanne Hernandez** kòm Konseye Politik Siperyè pou Transpò. Madam Hernandez ap travay aktyèlman kòm Enjenyè Sekirite Siperyè nan Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey). Anvan wòl sa a, li te yon konpayon Excelsior Eta New York nan Otorite Pòtyè New York ak New Jersey. Madam Hernandez te fè yon Lisans Atitistik nan New York University ak yon Metriz nan Administrasyon Piblik nan Marxe School of Public and International Affairs Baruch College.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)